

## **CARIYOS SEJARAH ADEGING KALURAHAN PETIR**

***Dipun Pethik saking Buku Sejarah Desa Petir Bahasa Jawa ingkang Kaserat dening Tim Penulis Sejarah Kalurahan Petir, ing taun 2018.***

Perkawis pamarintahan ing Petir rikala semanten, mboten gegayutan kaliyan cariyos sejarahipun Ki Kenthung minangka cikal bakal Upacara Adat Nyadran Mbah Jobeh. Wontenipun Bekel utawi kasebat Lurah ingkang sepisan, inggih menika Trah saking Trunosetiko, ngesuhi wewengkon Petir ingkang minangka Cengkaran saking Pucanganom.

Anut katrangan saking panelusuran dumateng para pinisepuh, adeging Desa/Kalurahan Petir menika kawiwitan saking tahun 1841. Wondene dinten, surya lan wulanipun samangke lelandesan dinten utawi pekenan ingkang dipun ginaaken kagem upacara adat rasulan, inggih menika dinten Senin Pahing, ugi petangan pawukon ing Wuku Merakih. Ing tahun 1841 menika dinten senin pahing ingkang nyocogi kalian petangan pawukon, dawah wonten ing tanggal 19 Juli. Pramila dipun tetepaken tanggal 19 Juli 1841 minangka adeging Desa/Kalurahan Petir.

### **1. Bekel Trunosetiko**

Bekel Trunosetiko ingkang jejeg dados Lurah sepisan, minangka abdi kraton ingkang mapan wonten padesan, ngemban pamarintahan Petir watawis 15 taun, wiwit taun 1841 dumugi taun 1856.

### **2. Bekel Trunolesono**

Surutipun Trunosetiko, Pamarintahan Petir dipun suhi dening bekel Trunolesono. Bekel Trunolesono dados abdi Keraton kirang langkung 35 tahun, wiwit saking taun 1856 dumugi 1891. Jejibahan saha ayahan pinangka bekel/patuh kedah mangertosi siti ing kasultanan lan mangkunegaran ingkang dipun kersaaken Raja. Ugi nggadahi tanggeljawab ngempalaken saperangan uluwetu siti, ngempalaken pajak poro warga, ugi dhados panitiprikso tumrap katentremaning padesan. Bekel nindakaken dawuh pamarintahan kanthi dasar kekancingan ingkang ngemot tugas, kwajiban lan wewaleripun.

### **3. Lurah Wonosetiko**

Saksampunipun Trunosetiko, Pamarintahan Petir dipun tindaaken dening Lurah Ki Wonosetiko. Ki Wonosetiko dados Lurah ingkang kaping 2 antawis 30 tahun, wiwit taun 1891 dumugi 1921. Trunosetiko nggadahi putra 2 asma Sukinem lan Sukiman.

#### **4. Lurah Karto Taruno**

Saksampunipun Wonosetiko lereh. Ingkang nglajengaken pamarintahan inggih punika Sukiman utawi Karto Taruno, Ingkang pinilih dados Lurah ing Petir kanthi pilihan ngginaaken etungan sada.

Miterat keterangan poro pinisepuh, lurah jaman semanten dipun biantu dening Gebayan, Kamituwo, Jogomirudo lan Carik. Wewengkon lurah Petir kabiantu poro Gebayan mapan wonten Watumengkurep, Ploso, Dadapan, Ngurakurak, lan Ngelo. Karto Taruno nggaduhahi putro cacah 9, Suratman (Citro Diharjo), Sularno, Sukirah, Supilah, Sularto, Sukarto, Supinah , Sutirah, lan Supiyatta.

Ki Kartotaruno ngemban pamarintahan minangka Lurah ingkang Kaping 3 ing Petir wetewis 25 taun, saking taun 1921 dumugi taun 1946. Sanadyan namung 25 tahun tata pamarintahanipun kawentar. Rikala semanten pepuntoning pamarintahan punika ing zaman penjajahan Jepang. Warga masyarakat sawetewis pikantuk ilmu babagan olah kaprajuritan, wasis ing peperangan, sanadyan alat perangipun namung sak madya.

Kabudayan ingkang lumampah jaman semanten rasul, sadranan, lan bersih telaga ingkang dipun wonteni gelar seni tayub mawi tledhek sinambi nginum.

Ing wekdal punika desa Petir mbawahi wilayah Petir, Ploso, Watumengkurep, Dadapan, Weru, Ngurak urak, Ngelo, Siyono, lan Dagangmati.

#### **5. Lurah Citrodihardjo**

Lurah Saklajengipun, Ki Citrodihardjo ngemban pamarintahan minangka Lurah Petir ingkang kaping 4 ing jaman kamardikan watawis 43 taun, wiwit taun 1946 dumugi 1989.

Rikala semanten, papan kagem nindaaken pamarintahan mapan wonten griya kampung kang kabangun ing bulak prapatan kirang langkung 2 taun.

Saklajengipun pindah wonten dalemipun Ki Citrodihardjo ing Padukuhan Petir C dumugi taun 1982.

Ing taun 1982 punika nembe kawiwitan mbangun balai desa kang mapan ing Padukuhan Petir A, ngantos dumugi samenika.

Wewengkon desa Petir mbawahi 13 padukuhan, Petir A, Petir B, Petir C, Ngelo, Ploso, Ngurak urak, Watumengkurep, Dadapan, Weru, Siyono A, Siyono B, Siyono C, lan Dagangmati.

Ki Citrodiharjo seda taun 1992 kanthi putra cacah 9: Iswanto, Priyono, Widodo, Widiyatmono, Widiyanto, Yuli Parwanto, Edi Wahana, lan Sigit Milu Wibowo.

## **6. Lurah Ki Syamsiran**

Ki Syamsiran ngemban pamarintahan minangka Lurah Petir ingkang kaping 5, ing jaman orde baru watawis 10 taun, kawiwitan saking taun 1989 dumugi 1999.

Ing wekdal punika, kabangun pendhapa balai desa kanthi panyengkuyunganipun saking Program Kesejahteraan Anak dan Keluarga (PKAK) saha gotong royongipun masyarakat se-Desa Petir. Ugi kaleksanan wontenipun pemasangan jaringan listrik kaliyan toya saking bribin. Ing babagan perekonomian nindaaken program penggemukan ternak ugi damel papan hijauan pakan ternak. Ki Syamsiran nggadahi putra 2 : Umi Prihatini, lan Medi Handaya.

## **7. Lurah Iswandi**

Lurah Iswandi nyepeng pamarintahan ing taun 1999 – 2013, kalih periode nggih punika Periode I : 1999-2007, lan Periode II : 2007-2013. Dados kepala desa ingkang kaping 6 kanthi pilihan rakyat secara langsung.

Anggenipun nindaaken pamarintahan kasengkuyung lembaga desa, inggih punika BPD (Badan Perwakilan Desa, saklajengipun karubah dados Badan Permusyawaratan Desa), LPMD, PKK, Karang Taruna, RW lan RT.

Ing jaman punika, majeng ing babagan pembangunan fisik dalan aspal, cor blok, talud, lan jalan usaha tani ingkang makaryo sesarengan PNPM-MP (Program Nasional Pemberdayaan Masyarakat Mandiri Perdesaan). Ing babagan pawiyatan, mbangun sekolah TK (Taman Kanak-Kanak) lan PAUD ing wilayah Petir. Babagan sarana olahraga damel lapangan sepakbola ing Dadapan lan Siyono.

Ki Iswandi nggadahi putra 2 : Bowo Wisnu Putranta, lan Wita Dyaswati.

## **8. Lurah Sarju**

Pamarintahan ing Desa Petir saklajengipun dipun tindaaken dening Bapak Sarju Lurah ingkang kaping 7. Jejeg minangka Kepala Desa wiwit wulan Desember tahun 2013 kanthi pilihan rakyat cara langsung, dumugi samenika sampun Periode kaping 2, inggih menika Periode I : 2013 – 2019, lan periode 2 : 2019 – 2025.

Tahun 2019 ing wulan Juni, medal Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Ngayogyakarta ingkang ngatur babagan ewah-ewahan *nomenklatur* saking Desa kasebat Kalurahan, dene Kepala Desa dados Lurah. Lurah Petir anggenipun nindaaken lampahing paprintahan dipun biyantu dening Pamong Kalurahan ingkang kasebat Carik, Jagabaya, Ulu-Ulu, Kamituwa, Pangripta, Tata Laksana, Danarta, lan 13 Dukuh ing Kalurahan Petir.

Saklajengipun wonten pranatan enggal Undang-Undang Nomor 3 tahun 2024 babagan Perubahan Kedua atas Undang-Undang Nomor 6 tentang Desa. Ing

Undang2 menika, nyebataken masa jabatan Lurah lan ugi Badan Permusyawaratan Kalurahan ngantos 8 taun. Pramila Masa jabatan Lurah Petir Bpk Sarju,S.I.P. periode ingkang kaping 2 samangke dumugi 31 Desember taun 2027.

Mekaten, sawetawis Sejarah Kalurahan Petir kawiwitan saking adeging Desa Petir taun 1841, dumugi Pamarintahan Kalurahan Petir samenika, kapetang Kalurahan Petir sampun dumugi 183 tahun. Kanthi tema prengatan taun menika "Gumregut, Nyawiji mbangun desa".

Mugi Kalurahan Petir sangsaya ngrembaka, sedaya warganipun tansah gesang kanthi ayom ayem, tata titi tentrem lan raharja.

Maturnuwun.